



Pou Piblikasyon Imedya: 05/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE ANPIL RESOUS GRATIS KI DISPONIB POU KONEKTE MOUN K AP CHÈCHE TRAVAY NAN NEW YORK AVÈK KARYÈ YO RENMEN EPI FÈ MENDÈV ETA A PWOGRESE**

***Depatman Travay Eta New York la te travay yon fason pwoaktif pou konekte anplwayè ak Nouyòkè yo avèk travay ki disponib yo***

***NYS te debouse apeprè 100 milya dola nan avantaj asiras chomaj depi kòmansman pandemi COVID-19 la***

***Amezi Nouyòkè yo ap retounen sou mache travay la, Eta New York la pou ede yo reyisi***

***Amezi avantaj federal pou chomaj yo ap ekspire, DOL gen plis pase 200,000 travay disponib ak sèvis gratis pou ede konekte Nouyòkè yo nan travay***

Gouvènè Kathy Hochul te ankouraje jodi a anpil resous gratis nan eta a ki disponib pou ede konekte Nouyòkè yo avèk travay ki disponib yo pandan y ap retounen sou mache travay la oswa eksplòre nouvo pakou karyè. Depatman Travay Eta New York la kontinye konekte yon fason pwoaktif Nouyòkè ki nan chomaj yo avèk travay atravè rekritman, korespondans konpetans, maketing, sansibilizasyon kominotè ak lòt efò kontinyèl nan kad rekiperasyon ekonomik Eta New York anba pandemi COVID-19 la.

"Nouyòkè yo te fè fas ak difikilte ekonomik inimajinab COVID-19 la te lakòz epi nou te deplase montay pou pèmèt Nouyòkè ki nan chomaj yo jwenn lajan yo—nan bay apeprè 100 milya dola nan avantaj pou plis pase 4.7 milyon moun depi kòmansman pandemi an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap travèse pandemi sa a epi fè Eta nou an pwogrese, nou vle ede konekte tout moun k ap chèche travay nan New York avèk bon opòtinite travay la. Mwen ankouraje biznis ki bezwen travayè ak Nouyòkè ki bezwen travay pou pwofite resous enpòtan sa yo".

DOL ofri resous gratis pou ede Nouyòkè yo nan eksplorasyon karyè yo, sa gen ladan: [JobZone](#), [èd pou fè CV](#), [lide sou entèvyou](#), ak lòt ankò. Moun k ap chèche travay nan tout rejyon nan eta a kapab aprann tou sou fwa karyè vityèl yo, atelye ak kou yo nan vizite [Kalandriye Karyè](#) DOL la. Depatman an te fè patenarya tou avèk lòt ajans yo nan eta a tankou Depatman Transpò pou ede òganize evènman rekritman vityèl yo epi mete aksan ak rekrite pou opòtinite nan gouvènman Eta New York la.

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Konekte Nouyòkè ki nan chomaj yo avèk travay ki disponib yo kounye a, pandan y ap konble yon vid pou biznis yo ki gen yon bezwen imedyà, enpòtan pou relanse ekonomi ak eta nou an. Jwenn nouvo fason ki inovatè pou konekte moun k ap chèche travay yo renmen, epi bay biznis yo travayè kalifye yo bezwen, se pi bon fason pou ranfòse mendèv nou ak rekonstwi ekonomi nou an pi djanm ak pi bon pase sa te janm ye".

DOL kontinye anonse plis resous vityèl, sa gen ladan yon sant karyè vityèl kote Nouyòkè yo kapab travay dirèkteman avèk pwofesyonèl Sant Karyè DOL yo vityèlman nan ede yo nan aktivite rechèch travay yo.

Nouyòkè yo ki san travay epi k ap chèche ogmante konpetans oswa eksplòre lòt pakou karyè kapab ogmante tou ak elaji konpetans yo atravè [platfòm aprantisaj sou entènèt](#) nan Eta a nan patenarya avèk Coursera, epi itilize [Sant Fòmasyon sou Entènèt SUNY FOR ALL](#) nan State University of New York.

Anplis de sa, DOL te ranfòse Pwogram Travay Pataje (Shared Work Program) li a, ki pèmèt anplwayè yo evite revokasyon nan pèmèt travayè yo resevwa avantaj Asirans Chomaj pasyèl yo pandan y ap travay nan orè ki redwi. Pwogram sa a, ki te an plas depi 1986, te vin tounen yon lyen vital pou biznis yo toupatou nan eta a pandan y ap fè rediksyon pèsònèl tanporè an repons ak kriz COVID-19 la. DOL la te redwi dokiman yo egzijè yo epi amelyore pwosesis apwobasyon ak sètifika plan an, sa ki pèmèt Pwogram Travay Pataje a jere yon ogmantasyon dis fwa nan kantite plan yo an 2020 — sa ki ede plis pase 60,000 Nouyòkè rete nan travay pandan pandemi an.

DOL te mennen efò sansibilizasyon sible epi li te aplike nouvo teknoloji pou rann li pi fasil pou anplwayè yo aprann epi patisipe nan pwogram ekonomi travay sa a. Nan kad efò sa a, DOL kontinye òganize yon seri wèbinè pou biznis yo ki itilize travay a tan pasyèl ak Travay Pataje kòm zouti rekiperasyon. Wèbinè yo komèsyalize atravè chanm komès, gwoup biznis, rezo sosyal ak dirèkteman nan biznis yo.

DOL te aplike tou mezi ijans pou revize sistèm Asirans Chomaj pasyèl li a, ki kounye a baze avantaj asirans chomaj yo sou yon kantite lè yo travay toutbon pandan yon semèn, olye kantite jou yo travay. Nan kad nouvo sistèm sa a, Nouyòkè ki nan chomaj yo kapab tounen travay nan yon kapasite a tan pasyèl san risk pou pèdi avantaj UI (Asirans Chomaj) yo.

Moun yo kapab travay jiska sèt jou pa semèn yo san pèdi tout avantaj chomaj yo pou semèn sa a si yo travay 30 èdtan oswa mwens epi touche 504 dola oswa mwens nan peman brit, sof revni ki vini de travay otonòm.

DOL te travay tou avèk biznis yo pou devlope estrateji pou itilize fleksibilite travayè a tan pasyèl yo bay pandan y ap rekonstwi anba pandemi an. DOL te lanse yon [paj wèb](#) avèk enfòmasyon ak resous pou moun k ap chèche travay yo ak biznis yo konsènan travay a tan pasyèl. Paj la konekte moun k ap chèche travay yo ak yon [tablo travay](#) avèk apeprè 20,000 travay a tan pasyèl ki disponib nan eta a. Isit la, biznis yo kapab mete òf yo epi

moun k ap chèche travay yo kapab navige nan travay a tan pasyèl yo selon lokal, konpayi ak tit travay la epi chèche selon mo kle.

Travay a tan pasyèl se yo pati enpòtan nan rekiperasyon ekonomik Eta New York epi bay opòtinite anplis pou moun k ap chèche travay tankou:

- Ede yo retounen nan yon karyè anvan ki ka pa gen pòs a plen tan ki disponib;
- Pèmèt yo eseye yon nouvo karyè oswa pòs diferan;
- Travay pandan y ap aprann nouvo konpetans an menm tan;
- Ouvri pòt pou travay a plen tan ki posib;
- Konstwi yon nouvo kominote pou sipò ak rezo travay; epi
- Amelyore estim tèt yo

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)